

DEMANN POU ESKLIZYON VOLONTÈ NAN TOUT ETABLISMAN JWÈT, AK ANTITE KI GEN LISANS, PÈMI OSWA KE KOMISYON JWÈT ETA NOUYÒK LA ANREJISTRE

FÒMILÈ SA A DWE KONPLETE PA MOUN KI MANDE POU YO ESKLI LI NAN TOUT ETABLISMAN AK AKTIVITE LEGAL JWÈT NAN ETA NOUYÒK LA DAPRE TIT 9 KONPILASYON OFISYÈL KÒD, RÈG AK RÈGLEMEN ETA NOUYÒK LA AK SEKSYON 1404(1)(d) LWA SOU KOUS, PARYAJ MITYÈL AK ELVAJ LA.

Lè ou soumèt fòmilè esklizyon volontè sa a ranpli, ou dakò pou yo eskli ou nan tout propriyete ki pi ba yo ikonpri aktivite ki pa jwèt nan propriyete sa yo e yo ap entèdi ou pou nan fè paryaj mityèl sou pis ak deyò pis, pou nan parye sou entènèt ak sou kont, pou nan paryaj sou espò, ak pou nan patisipe nan nenpòt operasyon jwèt oswa jwèt aza ki pa nan lis sa a pou kounya a e ki ka, alavni, tonbe anba kontwòl règlemantè Komisyon Jwèt Eta Nouyòk la (Komisyon).

Kazino Komèsyal

Otèl & Kazino del Lago
Otèl World Catskills
Kazino Rivers & Otèl Schenectady
Otèl Kazino Tioga Downs

Paryaj Deyò Pis

Paryaj Deyò Pis Capital
Paryaj Deyò Pis Catskill
Paryaj Deyò Pis Nassau
Paryaj Deyò Pis Suffolk
Paryaj Deyò Pis Western

Jwèt Lotri sou Videyo

Jwèt Batavia Downs
Jwèt ak Pis pou Kous Finger Lakes
Jwèt Hamburg
Otèl ak Kazino Jake's 58
Kazino MGM Empire City
Kazino Otèl World Hudson Valley
Kazino Otèl World NYC
Otèl Kazino Saratoga
Otèl Kazino Vernon Downs

Kous Cheval

Pis pou Kous Aqueduct
Batavia Downs
Pak Belmont
Sikui pou Kous Buffalo
Pis pou Kous Finger Lakes
Sikui pou Kous Monticello
Ipodwom Saratoga
Pis pou Kous Otèl Kazino Saratoga
Tioga Downs
Vernon Downs
Sikui Kous Yonkers

Lotri Nouyòk

Paryaj Espò

Paryaj avèk Depo davans sou Plizyè Jiridiksyon

ENSTRIKSYON: Tanpri li tout fòmilè sa a byen epi enskri repons ou yo. Si ou bezwen èd pou konprann nenpòt pati nan fòmilè sa a ak/oswa si ou bezwen sèvis tradiksyon, tanpri enfòmè anplwaye akèy la. Fòmilè ki voye pa lapòs yo dwe notarye epi dwe genyen ladan yo yon foto. Fòmilè yo ta dwe voye bay: Komisyon Jwèt NYS, Direktè Edikasyon & Relasyon ak Kominote a, PO Box 7500, Schenectady, NY 12301-7500

ENFÒMASYON JENERAL (tanpri ranpli ak lèt majiskil)

PA EKRI ANBA ESPAS SA A – POU ETABLISMAN AN SÈLMAN

Moun ki eskli tèt yo dwe avize Komisyon an sou tout chanjman nan **ENFÒMASYON JENERAL** yo nan 30 jou apre chanjman sa yo.

PERYÒD MINIMÒM ESKLIZYON VOLONTÈ A

Esklizyon an ap aplike pou peryòd ki chwazi pi ba a, SAN EKSEPSYON. Ou ap rete nan lis esklizyon volontè a jiskaske ou fin fè tout peryòd esklizyon an, menmsi ta gen nenpòt chanjman nan sitiyasyon pèsònèl ou.

Chwazi peryòd w ap mande pou eskli sou tout pwopriyete jwèt, ikonpri aktivite ki pa jwèt sou pwopriyete sa yo, paryaj mityèl sou pis ak deyò pis, paryaj ak depo davans sou plizyè jiridiksyon, paryaj sou espò ak nenpòt operasyon jwèt oswa jwèt aza ki pa nan lis la pou kounya e ki kapab, alavni, tonbe anba kontwòl reglemantè Komisyon an.

___ **Yon (1) lane**

___ **Twa (3) lane**

___ **Senk (5) lane**

___ **Pou lavi**

___ (inisyèl) **Dat Jodi a:** _____

RENONSYASYON AK DECHAJ

Mwen konprann ke lè mwen soumèt demann sa a, li pa pral kreye yon kòz pou aksyon, dwa pou aksyon, reklamasyon, oswa kèlkeswa lòt dwa anfavè kèlkeswa moun nan kont Eta Nouyòk la, Komisyon Jwèt Eta Nouyòk la, nenpòt nan antite ak pwopriyete ki sou lis ki nan demann sa a oswa nenpòt reprezantan ak anplwaye antite ak pwopriyete sa yo. Mwen dechaje epi libere pou tout tan Eta Nouyòk la, Komisyon Jwèt Eta Nouyòk la, ak antite ak pwopriyete ki sou lis nan demann sa a, avèk reprezantan ak anplwaye antite ak pwopriyete sa yo, anba nenpòt responsablite anvan mwen menm ak eritye mwen yo, administratè, egzekitan ak moun k ap travay pou mwen, pou nenpòt domaj, lajan oswa lòt bagay, ki ta ka vini, oswa akòz nenpòt zak oubyen omisyon ki gen rapò ak demann pou esklizyon volontè sa a oubyen nenpòt demann ki ta vin apre pou retire m nan lis esklizyon volontè sa a, ikonpri (1) tretman oswa egzekisyon demann sa a oswa nenpòt demann ki vin apre, (2) lefèt pou nenpòt pwopriyete ki nan lis la pa kenbe privilèj mwen pou jwe oswa pa reban mwen privilej jwèt mwen, (3) pèmèt oswa pa pèmèt mwen antre nan aktivite jwèt pandan ke mwen sou lis moun ki nan esklizyon volontè yo epi (4) divilgasyon enfòmasyon konsènan mwen bay nenpòt moun oswa gwoup ki pa afilye a Komisyon Jwèt Eta Nouyòk la, eksepte yon divilgasyon volontè ilegal enfòmasyon sa yo.

___ (inisyèl) **Dat Jodi a:** _____

TÈM, KONDISYON & DEKLARASYON**Li epi mete inisyal ou nan chak deklarasyon avan ou siyen.**

- _____ Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen bay pi wo yo e ki gen rapò ak demann sa a yo vrè e kòrèk.
- _____ Pou kounye a mwen pa anba enfliyans dwòg, alkòl, oswa ap souffri yon pwoblèm sante mantal ki nui kapasite mwen pou pran bon jan desizyon.
- _____ Mwen rekonèt ke mwen ap chache volontèman pou eskli tèt mwen nan etablisman tout operasyon jwèt ak jwèt aza nan Nouyòk, ikonpri sa yo ki ouvri oswa ke yo fè akizasyon apre dat demann sa a, pou tout tèm ki presize nan paj 3 a.
- _____ Mwen li, konprann e dakò ak renonsyasyon ak dechaj ki nan demann sa a.
- _____ Mwen konprann ke nan okenn sikonstans mwen pa kapab rakousi tan peryòd esklizyon volontè mwen an.
- _____ Mwen otorize pou yon kopi demann esklizyon volontè sa a voye al jwenn Komisyon an ak tout antite ak pwopriyete ki gen lisans nan Eta Nouyòk (New York State, NYS).
- _____ Mwen konprann e dakò ke esklizyon sa a ap anpeche mwen resevwa materyèl maketin ak pwomosyon dirèk konsènan opòtinite jwèt, pandan mwen rekonèt ke aplikasyon prevansyon sa a pou resevwa materyèl sa yo pa p pran efè imedyatman.
- _____ Mwen konsyan ke siyati m otorize antite ak pwopriyete ki nan lis pi wo a pou anpeche mwen patisipe nan jwèt kazino, jwèt lotri sou videyo, kous cheval ak aktivite paryaj mityèl, paryaj sou espò, ak tout aktivite jwèt alavni ki kapab, tonbe anba kontwòl règlemantè Komisyon an pou tan peryòd esklizyon mwen chwazi a epi jiskaske non mwen retire nan lis esklizyon volontè a.
- _____ Mwen konprann ke si mwen eskli tèt mwen nan Eta Nouyòk la, kèk antite ak pwopriyete ke demann sa a kouvri genyen pwòp politik anteprez yo pou esklizyon volontè k ap anpeche mwen antre ak/oswa patisipe nan aktivite jwèt oswa jwèt aza ak/oswa antre nan restoran, otèl oubyen lòt ekipman ki nan pwopriyete afilye yo ki pa nan Eta a.
- _____ Mwen konsyan ke pandan peryòd esklizyon volontè mwen an, si mwen antre nan aktivite jwèt nan oswa avèk nenpòt nan antite oswa pwopriyete ki sou lis ki nan demann sa a oubyen ki kapab ajoute alavni, mwen pa p kapab resevwa anyen si m ta genyen oswa rekipere okenn pèt mwen te fè nan aktivite jwèt la.
- _____ Mwen konprann anplis ke nenpòt lajan oswa bagay de valè ke mwen jwenn nan men nenpòt nan antite oubyen pwopriyete ki sou lis ki nan demann sa a, oswa ke yo dwe mwen akòz paryaj ke mwen fè pandan mwen sou lis esklizyon volontè a ap pèdi.

PA EKRI ANBA ESPAS SA A – POU ETABLISMAN AN SÈLMAN

- _____ Mwen konprann ke si yo jwenn mwen nan nenpòt nan pwopriyete ki sou lis ki nan demann sa a pandan ke non mwen sou lis esklizyon volontè a, yo ka arete oswa pousuiv mwen anba tout lwa ki aplikab yo, ikonpri pou vyolasyon pwopriyete annakò ak Seksyon 140.05 Lwa Penal Nouyòk la.
- _____ Mwen dakò ke mwen pa pral eseye antre nan lokal ak/oswa itilize okenn nan sèvis oswa privilèj ki disponib atravè antite oubyen pwopriyete ki sou lis ki nan demann sa a oswa ki kapab ajoute alavni pandan peryòd mwen chwazi nan paj 3 a. Mwen konprann ke lokal yon kazino komèsyal oswa ekipman pou jwèt lotri sou videyo yo gen ladan yo espas jwèt la, restoran, otèl, ak lòt ekipman ki ka genyen.
- _____ Mwen konprann ke se responsablite pèsonèl mwen e se pa responsablite Eta Nouyòk la, Komisyon an oswa anplwaye oubyen ajan li yo, ni nenpòt etablisman oswa antite ki gen lisans nan Nouyòk la pou anpeche pou mwen antre nan lokal yon kazino komèsyal oubyen yon ekipman jwèt lotri videyo oswa pou mwen enskri pou lòt sèvis jwèt ki entèdi yo.
- _____ Mwen rekonèt e konprann ke demann esklizyon volontè sa a pa libere m de okenn dèt mwen te fè avan oswa pandan peryòd esklizyon volontè mwen an.
- _____ Mwen konsyan ke siyati m nan paj 6 la otorize etablisman ak antite ki sou lis pi wo a pou yo otorize esklizyon mwen nan pwopriyete ak antite sa yo jiskaske esklizyon mwen an ekspire.
- _____ Mwen konprann pafètman byen tout dispozisyon ki nan Demann pou Esklizyon Volontè sa a e mwen siyen li volontèman, san kontrent, epi ak tout bon sans mwen.

ÈD GRATIS & SEKRÈ

Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans Eta Nouyòk la (The New York State Office of Addiction Services and Supports, OASAS) bay sipò ak referans GRATIS epi SEKRÈ ki gen rapò ak move efè jwèt aza. Sèvis sa a disponib 24 è pa jou, 7 jou pa semèn atravè Liy Espwa (HOPELINE) OASAS la.

TCHEKE LA A POU YON OPERATÈ FÒME NAN HOPELINE KA KONTAKTE OU NAN NIMEWO TELEFÒN PI WO A. SÈVIS SA A KONPLÈTMAN SEKRÈ EPI GRATIS.

Ou kapab jwenn èd lè w kontakte HOPELINE OASAS la :

1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) Tèks: HOPENY (467369)



PA EKRI ANBA ESPAS SA A – POU ETABLISMAN AN SÈLMAN

KESYON OPSYONÈL

Tanpri chwazi kalite jwèt aza ou patisipe pi souvan:

- ___ Machin à pyès lajan
- ___ Sit oswa Ajans paryaj sou espò
- ___ Jwèt Woulèt/sou Tab
- ___ Blakjak
- ___ Baccarat ak lòt jwèt kat
- ___ Jwèt Pokè
- ___ Jwèt mozayik ak zo
- ___ Tèminal Lotri sou Videyo/Jwèt sou Tablo Elektwonik
- ___ Jwèt Lotri Nouyòk
- ___ Kous Cheval
- ___ Jwèt Charitab (bingo, tonbola, raf)

REKONESANS/SIYATI

Non ak lèt majiskil: _____

Siyati: _____

Dat li soumèt: ___/___/___

Lè li siyen _____ A.M./P.M. (antoure youn)

FOTO IDANTITE

Tout demann yo dwe genyen yon foto ladan yo. Foto yo dwe omwen 2 pous pa 2 pous e yo pa dwe pi laj ke 4 pous pa 6 pous. Foto yo pa dwe gen anpil tan (sis mwa pou pi plis) epi yo dwe montre tout figi a apati kou a monte. Linèt nwa, chapo ak lòt akseswa pou kouvri tèt pa otorize. Si demann esklizyon volontè sa a ap ranpli nan nenpòt nan pwopriyete ki nan lis ki nan paj 1 an, se yon manm nan depatman sekirite pwopriyete a ki dwe fè foto a.

NOTÈ (si aplikab)

Si demann sa a soumèt pa lapòs li dwe notarye pa yon notè piblik ki otorize. Fòmilè final notarye yo dwe voye pa lapòs bay Komisyon Jwèt Nouyòk, Direktè Edikasyon & Relasyon ak Kominote a, PO Box 7500, Schenectady, New York 12301-7500

ETA _____

KONTE _____

Nan dat _____ mwa _____, 20____ sa a, _____ ke mwen konnen e ke mwen konnen kòm moun ki dekri nan enstriman sa a epi ki egzekite li, parèt devan mwen pèsònèlman e _____ rekonèt ban mwen ke _____ te egzekite li.

Notè piblik _____

PA EKRI ANBA ESPAS SA A – POU ETABLISMAN AN SÈLMAN

ENFÒMASYON SOU ENTÈPRÈT LA (Sèlman pou moun ki mande yon entèprèt)

Moun ki soumèt aplikasyon sa a te mande asistans yon entèprèt oswa yon gadyen legal pou li kapab ranpli aplikasyon li an. Non, adrès, nimewo telefòn entèprèt la mete pi ba a ak tout yon deklarasyon ke entèprèt la te kominike konplètman epi kòrekteman tout enstriksyon ke anplwaye akèy la te bay li yo e ke moun k ap mande pou patisipe nan pwogram esklizyon volontè a te di li konprann fòmilè demann lan.

Non konplè entèprèt la _____

Dat li fèt (Entèprèt la dwe genyen omwen 18 lane) _____

Lang moun ki siyen demann sa a prefere _____

Imèl _____

Telefòn _____

Adrès _____

Mwen, _____, atravè siyati mwen ki anba deklare, sètifye e rekonèt ke mwen te sèvi kòm entèprèt pou _____ pou m te asiste li nan ranpli demann sa a. Mwen deklare e mwen sètifye ke mwen te kominike konplètman epi kòrekteman tout enstriksyon ke anplwaye akèy la k ap verifeye demann sa a te bay yo. Moun k ap mande pou yo retire li nan lis esklizyon volontè a te enfòm mwen ke yo konprann dokiman mwen te ede nan esplike a e yo te siyen li pandan yo te byen enfòm e yo konnen epi konprann responsablite ak ramifikasyon ki genyen lè yon moun sou lis esklizyon volontè a.

Siyati Entèprèt / gadyen legal la: _____ Dat: _____

PA EKRI ANBA ESPAS SA A – POU ETABLISMAN AN SÈLMAN

Mwen sètifye ke mwen te aksepte fòmilè esklizyon volontè sa a ki konsènen tout aktivite jwèt ki sou lis pi wo a. Mwen sètifye ke mwen te mande yon pyès idantifikasyon ke leta bay, e ke mwen te verifye nimewo sekirite sosyal oswa nimewo ki sou lòt pyès idantifikasyon ke leta bay la e ke yo te prezante ban mwen an pou asire ke nimewo yo konplè, ke enfòmasyon ak siyati ki pi wo a parèt annakò ak sa ki sou pyès idantifikasyon an, e ke deskripsyon fizik ak foto moun ki sous pyès idantifikasyon an parèt annakò ak aparans moun lan tout bon, eksepte jan sa presize pi ba a. .

Non Pwopriyete a: _____

Non Anplwaye Akèy Pwopriyete a: _____

Nimewo Lisans NYS pou Jwèt la: _____

PYÈS IDANTIFIKASYON KI BAY: _____

Eksepsyon (jan sa te dekri pi wo a) _____

Lè yo Resevwa Fòmilè a: _____ A.M./P.M. (antoure youn)

Siyati Anplwaye Akèy la: _____ Dat: _____